


## **AVI A LOKATÈ:**

Si ou te pèdi revni oswa depans ou te ogmante pandan pandemi COVID-19 la, oswa demenaje ta poze yon risk pou sante ou oswa yon manm nan kay ou akòz yon ogmantasyon risk maladi grav oswa lanmò de COVID-19 akòz yon kondisyon medikal ki te kache, epi ou siyen epi remèt fòm deklarasyon difikilte sa a bay mèt kay ou, yo pa kapab mete w deyò jiska omwen 31 out 2021 paske ou pa peye lwaye oswa paske ou te rete apre ekspirasyon kontra lwaye ou a. Yo ka toujou mete w deyò pou vyolasyon kontra lwaye ou lè ou angaje ou nan yon konpòtman ki pèsistan e san rezon ki vyole itilizasyon ak plezi lòt lokatè oswa okipan oswa ki lakòz yon gwo danje pou sekirite lòt moun.

Si mèt kay ou te ba ou fòm sa a, mèt kay ou dwe ba ou tou yon adrès postal ak adrès imel kote ou ka retounen fòm sa a. Si mèt kay ou a te deja kòmanse yon pwosed eviksyon kont ou, ou ka retounen fòm sa a swa bay mèt kay ou a, tribinal la, oswa toude nenpòt ki lè. Ou ta dwe kenbe yon kopi oswa foto fòm siyen an pou dosye ou. Ou ap toujou dwe mèt kay la nenpòt lwaye ke ou pa't peye. Ou dwe tou kontwole ak anpil atansyon sa ou te peye ak tout montan ke ou toujou dwe

Pou plis enfòmasyon sou resous legal ki ka disponib pou ou, ale nan [www.nycourts.gov/evictions/nyc/](http://www.nycourts.gov/evictions/nyc/) oswa rele 718-557-1379 si w ap viv nan Vil Nouyòk oswa ale sou [www.nycourts.gov/evictions/outside-nyc/](http://www.nycourts.gov/evictions/outside-nyc/) oswa rele yon asosyasyon bawo lokal oswa yon founisè sèvis legal si w ap viv andeyò Vil Nouyòk. Sekou lwaye ka disponib pou ou, epi ou dwe kontakte biwo asistans lojman lokal ou a.



Index Number (if known/applicable): \_\_\_\_\_

County and Court (if known/applicable): \_\_\_\_\_

## **DEKLARASYON DIFIKILTE LOKATÈ PANDAN PANDEMI COVID-19 LA.**

Mwen se yon lokatè, okipan legal, oswa lòt moun ki responsab pou peye lwaye, itilizasyon ak okipasyon, ni nenpòt lòt obligasyon finansye dapre yon kontra lwaye oswa akò kontra lwaye nan (adrès inite lojman an).

---

### **OU DWE INDIKE ANBA A KALIFIKASYON OU POU PWOTEKSYON KONT DELOJMAN LÈ W CHWAZI OPSYON “A” OSWA “B”, OSWA TOU DE.**

- A. Mwen gen difikilte finansye, e mwen pa kapab peye lwaye mwen ni lòt obligasyon finansye ki sou kontra lwaye a an plen oswa jwenn lòt lojman pèmanan konvenab akòz youn oswa plizyè nan sa yo:
1. Gwo pèt revni nan kay la pandan pandemi COVID-19 la.
  2. Ogmantasyon nan depans nesèsè ki soti nan pòch ki gen rapò ak fè travay esansyèl oswa ki gen rapò ak enpak sou sante pandan pandemi COVID-19 la.
  3. Responsablite gadri oswa responsablite pou pran swen yon granmoun aje, yon andikape, oswa yon manm fanmi ki malad pandan pandemi COVID-19 la te afekte negativman kapasite mwen oswa kapasite yon moun nan kay mwen an pou mwen jwenn yon bon travay oswa pou mwen fè revni oswa ogmante depans nesèsè ki sòti nan pòch mwen.
  4. Depans pou demenajman ak difikilte mwen genyen pou garanti lojman altènatif fè li difisil pou mwen deplase ale nan yon lòt rezidans pandan pandemi COVID-19 la.

5. Lòt sikonstans ki gen rapò ak pandemi COVID-19 la te afekte negativman kapasite mwen pou mwen jwenn yon bon travay oswa fè revni oswa te redwi siyifikativman revni kay mwen an oswa ogmante siyifikativman depans mwen an.

Nan limit ke mwen te pèdi revni nan kay la oswa depans mwen te ogmante, nenpòt ki asistans piblik, enkli asirans chomaj, asistans chomaj pandemi, asirans enfimite, oswa konje familyal peye, ke mwen te resevwa depi kòmansman pandemi COVID-19 la pa konplètman konpanse pèt revni lakay mwen oswa ogmantasyon depans.

- B. Kite lokal yo epi deplase ale rete nan nouvo lojman pèmanan ta poze yon gwo risk pou sante paske mwen menm oswa youn oswa plis manm nan kay mwen an gen yon gwo risk pou maladi grav oswa lanmò ak COVID-19 paske yo genyen plis pase swasant-senk lane, yo gen yon andikap oswa yon kondisyon medikal, ki ka enkli, men ki pa limite pou ou iminokonpromèt.

Mwen konprann ke mwen dwe konfòme mwen ak tout lòt tèm legal dapre lokasyon mwen, akò kontra lwaye oswa kontra ki sanble. Mwen pi lwen konprann ke frè legal, penalite oswa enterè legal paske m pa peye lwaye an plen oswa te ranpli lòt obligasyon finansye jan yo mande sa nan akò kontra lwaye mwen an oswa kontra ki sanble ka toujou chaje oswa kolekte epi yo ka vin mennen a yon jijman monetè kont mwen. Mwen pi lwen konprann ke mèt kay mwen an kapab fè degèpisman aprè 31 out 2021, e ke lalwa ka bay kèk pwoteksyon nan moman sa a ki separe de sa ki disponib atravè deklarasyon sa a.

Siyen: \_\_\_\_\_

Ekri non an lèt detache: \_\_\_\_\_

Dat li siyen: \_\_\_\_\_

**AVI:** Ou ap siyen epi soumèt fòm sa a anba penalite lalwa. Sa vle di li ilegal pou fè yon deklarasyon sou fòm sa a ke ou konnen ki fo.